

# Alèji ak Manje

## Si yon Kliyan Di Li Alèji ak yon Manje

- Pran sa oserye. Reyaksyon alèjik yo kapab mòtèl.
- Pare w pou diskite avèk kliyan an sou engredyan k ap gen nan manje a epi sou preparasyon manje a.
- Enfòmè anplwaye ki nan kwizin yo sou alèji a.
- Si w pa konnen si yon pla nan meni an gen alèjèn alimantè ladan l, fè kliyan konn sa.
- Toujou kite kliyan an pran desizyon eklere l poukont li.



## Evite Kontak Kwaze

- Pa mete manje ki gen alèjèn yo menm kote ak lòt manje yo.
- Evite fè mannèv, tankou retire nwa nan yon salad. Menm yon ti kras alèjèn kapab pwovoke yon reyaksyon ki grav epi ki petèt mòtèl.
- Egzaminen tout sous kontak kwaze, tankou sifas pataje, lwil pou fri ansanm ak kouvèti pwalon.



## Avan W Prepare Manje ki pa Gen Alèjèn

- Lave, rensè epi dezenfekte, oswa chanje: istansil, planch pou koupe manje ansanm ak sifas ki an kontak ak manje.
- Lave men w epi chanje gan.



**Si yon kliyan gen yon reyaksyon alèjik, rele 9-1-1**